

Kushandisa Indaneti

Vadzidzi vachakwanisa kuona mashoko avanokwanisa kudzora paindaneti, mashoko avasingakwanisi zvachose kudzora paindaneti, uye chinhu chimwe chete chavanokwanisa kuita nezvamashoko avo anowanika paindaneti avasingakwanisi kudzora ivo pachavo.

Nhoroondo Dzepaindaneti uye Kutaura Nyaya

Chikamu Chekutanga

Udza Vadzidzi Vako

Mashoko maererano newe anoonekwa neruzhinji paindaneti anobva kunzvimbo dzakawanda. Unogona kuva nechekuita nekunobva mashoko iwayo, zvakadai semashoko aunopa vamwe panhoroondo dzako dzepaindaneti (semuenzaniso, mifananidzo, mavhidhiyo, mashoko akanyorwa).

Mutambo Wekirasi

Pasikirini, ratidzai peji yaBarack Obama yepaFacebook. Madaro, chiverengai kana kuti ratidzai makomendi asina kunaka nezvaObama amapiwa. Iva nechokwadi chekuti waudza vadzidzi kuti mashoko aya ndeemanyepo uye akaundi iyi zvese ndezvekufungidzira. Akanyorwa kuitira chidzidzo ichi chete.

1. @Luciano1782586: Barack Obama anopisa zvese zvaanenge achibika.
Kunyange upfumi hwenyika!
2. @Artemis4062456: Obama haazivi kwaari kuenda. Haakwanisi kusvika kuWhite House asingashandisi GPS!
3. @Sergei5639876: Chero mukaedza kumubatsira zvinengei, Obama haana zvaanoziva nezvekudyidzana nedzimwe nyika.

Bvunza Vadzidzi Vako

Unoti kudii nepeji yaBarack Obama yepaFacebook?

Unoti kudii nemakomendi asina kunaka akananga Obama?

Unofunga kuti Obama anonzwa sei nazvo? [sekuti kurwadziwa, kusetswa nazvo.]
Uye mashoko aya angaita kuti vamwe vanhu vafarire / vasafarira Obama here?

Chikamu Chechipiri

Udza Vadzidzi Vako

Iye zvino chifunga nezvepeji yako yepaindaneti.

Bvunza Vadzidzi Vako

Vanhu vachati kudii kana vakaverenga nhoroondo yako?

Ndiani anonyora nhoroondo iyoyo?

Une zvaungaita pakunatsurudza mashoko iwayo here?

Ndezvipi zvaungaita kuti mashoko epaindaneti nezvako abude zvakanaka?

Ndezvipi zvausingakwanisi kuita?

Udza Vadzidzi Vako

Tarisa imwe peji yako yepaindaneti (Facebook, Instagram, Snapchat, Twitter, WeChat, kana imwewo) kana kuti peji yemumwe munhu ane mukurumbira (akadai semumwe anoita zvekuimba / mafirimu / kugadzira zvinhu / zvematongerwo enyika / zvemabhizimusi). Tora zvimwe zviripo zvakati kuti (mifananidzo, mavhidhiyo, mashoko akanyorwa.)

Bvunza Vadzidzi Vako

Ndiani akaisa mashoko aya? Nemhaka yei?

Pane makomendi akaita sei?

Ndiani aiudzwa pamashoko akaiswapo?

Ndeapi mashoko asina kuiswa?

Basa Rekuita

Basa Rekuita

Basa Rekuita

Kumbira vadzidzi kuti vanyore ndima shoma zvichibva pane zvavabva kuona muchidzidzo chadarika vopindura mibvunzo inotevera:

Ndeapi mashoko ayo iwe / muridzi weakaundi ANOKWANISA kudzora?

1. Mhinduro dzinogona kudai: zita rekushandisa; kuapudheta sitetasi; kunyora/kuisa zvitsva; kugova mashoko; mifananidzo kana mavhidhiyo anoapurodwa panyaya kana pamakomendi; makomendi anonyorwa panenge pataura vamwe vanhu.

Ndeapi mashoko ayo iwe / muridzi weakaundi ASINGAKWANISI kudzora?

1. Mhinduro dzinogona kudai: makomendi anoitwa nevamwe vanhu pane zvaunenge waisa papeji yako (nyaya dzako, zviitiko, sitetasi, zvaunonyora paTwitter), zvinoiswa nevamwe paindaneti, kugoverana zvaunenge waapurodha kunoitwa neshamwari / vateveri / vaunoziva.

Ndechipi chinhu chimwe chete chaunokwanisa kuita pamashoko anenge anyorwa nemumwe munhu nezvako aunenge usingafariri (tiri kureva kuti unenge USINGAKWANISI kudzora mashoko aya)?

1. Mhinduro dzinogona kudai: kuzvibvisa kana wategwa; kutaura nemunhu wacho akagovera mashoko womuudza kuti abvise; kuvhara munhu wacho; kana uchityira upenyu hwako, kuudza mumwe munhu mukuru waunovimba naye; zvichienderana nekuti uri kushandisa peji ipi, unogona kumhan'arira munhu wacho kana ari kukutyisidzira kana kukushungurudza.